



UNIVERSITAS  
GADJAH MADA

Ver. 1 (140420)

Basa Jawi



BUKU SAKU

# DESA TANGGUH COVID-19

# Para maos,

matur nuwun sampun kersa nilih wekdal kagem maos Buku Saku Desa Tangguh COVID-19 punika. Buku punika ngemot pangertosan bab-bab penting ingkang magepokan kalihan pageblug COVID-19 ingkang nembe dumados wonten ing negari kita.

Buku punika dipun damel supados saben kulawarga saged pikantuk informasi ingkang saged dipun pitados, amargi kathah pawartos ingkang sumebar wonten media masa utawi media sosial ingkang mbingungkaken. Ing pangajab saben kulawarga saged pikantuk informasi ingkang leres saengga saged njagi dhiri lan kulawarganipun supados mboten ngantos kembet COVID-19.

Kejawi punika, kita pengin supados sedaya kulawarga saged nyengkuyung menawi wonten anggota kulawarga lan tangga tepalih ingkang nembe karantina dhiri, saha ngicalaken pemanggih ingkang mboten leres lan mbenten-mbentenaken pasien, para petugas, punapa dene warga ingkang nembe kembet COVID-19.

Buku punika tansah dipun enggalaken kanthi ajeg supados saged ngemot maneka warni informasi enggal. Buku ingkang langkung enggal tansah dipun paringi nomor versi tuwin tanggal anggenipun nerbitaken.

Versi buku paling enggal saged dipun pirsani lumantar situs:

[bit.ly/3a2zNsB](http://bit.ly/3a2zNsB) (situs Pusat Kedokteran Tropis UGM)

[bit.ly/2K0yYWJ](http://bit.ly/2K0yYWJ) (situs COVID-19 UGM)

[bit.ly/2VqLT9F](http://bit.ly/2VqLT9F) (situs Health Promoting University UGM)

Mugi-mugi panjenengan lan kita sedaya saged sami njagi lan makarya sesarengan supados pageblug COVID-19 enggal rampung.

Tim Satgas COVID-19 UGM



Ingkang tanggel jawab

**dr. Riris Andono Ahmad, MPH, Ph.D**

Kaserat dening

**drg. Malida Magista, MPH**

**Nuzul Sri Hertanti, S.Kep., Ns., MS**

Desain grafis

**drg. Malida Magista, MPH**

mawi ilustrasi saking freepik.com

Juru pamriksa

**dr. Riris Andono Ahmad, MPH, Ph.D**

**dr. Risalia Reni Arisanti, MPH**

**dr. Citra Indriani, MPH**

Sulih basa

**Soekardi**

**Haryadi**

**Ahmad Isyroqi Akbar**

**Laredo Dimas Julian Putra**

**Sri Kuswandari**

**Ir. Susetyo Hario Putero, M.Eng.**

**Drs. Margana (KRT. Widya Pranasmar)**


# Kontributor



# Daptar isi COVID-19

|                                                       |    |
|-------------------------------------------------------|----|
| Atur pambuka                                          | i  |
| Kontributor                                           | ii |
| Daptar isi                                            | 1  |
| Menapa menika COVID-19?                               | 2  |
| Cara nularipun COVID-19                               | 3  |
| Tandha-tandhanipun COVID-19                           | 4  |
| Caranipun ngawekani COVID-19                          | 7  |
| Sinten ingkang paling gampang kembet utawi ketularan  | 8  |
| Inggang kedah dipun lampahi sak sampunipun kesahan    | 9  |
| Cara wijik asta                                       | 11 |
| <i>Social Distancing</i> /Jagi Jarak                  | 12 |
| Desa/kampung/perumahan perlu lockdown menapa mboten?  | 14 |
| Bentenipun OTG, OTP, lan PDP                          | 15 |
| Karantina diri lan isolasi diri                       | 16 |
| Dipun bantu lan sampun dipun ditebihi                 | 17 |
| Kita sengkuyung tenaga kesehatan                      | 18 |
| Pangrukti laya positif COVID-19                       | 19 |
| Layat ing swasana pageblug COVID-19                   | 21 |
| Berantas Virus Corona Ngagem Disinfektan!             | 22 |
| Tata caranipun disinfeksi                             | 23 |
| Disinfektan sampun dipun semprotaken dhumateng tiyang | 24 |
| Ayo ngagem masker kain                                | 25 |
| Caranipun ndamel masker kain                          | 27 |
| Cara ngagem masker ingkang leres                      | 28 |
| Cathetan ingkang enggal wonten buku menika            | 29 |
| Referensi                                             | 30 |





# Menapa menika COVID-19?

COVID-19 menika penyakit nular amargi Virus **SARS-COV-2**, ingkang langkung asring kasebut Virus Corona.

Virus Corona menika wonten kathah. Wonten ingkang nyerang kewan, kados ta kucing lan segawon, nanging taksih wonten Virus Corona ingkang nyerang manungsa, kados ingkang sak menika kedadosan lan kasebat COVID-19.

Sakmenika (13/04/2020), wonten donya, sampun langkung saking 1,8 yuta tiyang sakit lan ingkang seda amargi COVID-19 sampun langkung saking 100 ewu. Ing Indonesia, sampun wonten sekawan ewu tiyang sakit lan ingkang seda sampun nyelaki sekawan atus tiyang.

## **Sababipun kathah tiyang ingkang ketularan.**

Kaping setunggal, COVID-19 menika penyakit enggal, dados dereng wonten tiyang ingkang kagungan kekebalan dhumateng Virus SARS-COV-2.

Kaping kalih, dereng wonten vaksin lan obatipun. Sak menika para peneliti sak donya taksih madosi vaksin lan obatipun.




# Cara Nularipun COVID-19



## **DROPLET**

COVID-19 dipun tularaken lumantar **DROPLET**. Droplet menika cipratan idu menawi tiyang saweg watuk/wahing/wicara.



## **Sesambetan celak**

kados nyium asta/pipi, salaman, lan rangkulan.



## **Nyepeng barang ingkang sampun wonten virusipun**

Virus Corona saged tahan wonten ing permukaan barang pejah jam-jaman ngantos pinten-pinten dinten.

**VIRUS CORONA  
BOTEN NULAR  
LUMANTAR  
UDARA!**



# Tandha-tandhanipun COVID-19



**Benter  $>38^{\circ}\text{C}$**



**Watuk, pilek, lan  
sakit tenggorokan**



**Sayah lan lemes**



**Sesek napas**

**PANJENENGAN MENAWI KAGUNGAN TANDA LAN GEJALA MENIKA  
DERENG MESTHI KETULARAN COVID-19.  
KAGEM MESTHEKAKEN, KEDAH PRIKSA WONTEN  
FASILITAS KESEHATAN**




# Caranipun Ngawekani COVID-19



## WONTEN NDALEM KEMAWON

Mboten kumpul-kumpul senjata wonten ngajeng griya. Lare-lare dipun kengken wonten nglebet ndalem kemawon, sampun dolan wonten njawi.



## JAGI JARAK 2 METER

Menawi kesahan, sampun cedhak-cedhak kaliyan tiyang sanes. Dipun hindari panggenan ingkang kathah tiyang, kados pasar lan acara kondangan.



## NGAGEM MASKER MENAWI KESAHAN

Ngagem masker terus menawi kesahan senjata sehat utawi sakit. Ngagem masker kain ingkang dipun gantos saben sekawan jam.



# Caranipun Ngawekani COVID-19



## ASRING WIJIK ASTA

Virus pejah menawi kita wijik asta  
mawi sabun, minimal 40 detik.



## SAMPUN NYEPENG PASURYAN

Sampun nyepeng pasuryan,  
saya malih sakderengipun  
wijik asta. Kita sedaya mboten  
ngertos tangan kita sampun  
nyepeng piranti ingkang wonten  
Virus Corona menapa mboten




## AJEG SIRAM BIBAR KESAHAN

Siram ngagem sabun saged  
mejahi Virus Corona  
ingkang wonten badan kita.



# Caranipun Ngawekani COVID-19



Tetep aktif lan olah raga wonten ndalem. Mboten kesupen ngaso 8 jam sedinten.

## URIP SEHAT



Mboten angsal ngrokak kaliyan ngunjuk minuman keras



Dhahar dhaharan ingkang bergizi



Dahar suplemen daya tahan tubuh lan multivitamin

Menawi kagungan gerah taunan/kronis, kados sakit gendis (diabetes), sakit jantung, tekanan darah tinggi, kanker, sampun kesupen kontrol wonten dokter lan ngunjuk obat rutin.



# SINTEN INKGANG PALING GAMPIL KETULARAN

Sampun ajrih ngadepi pageblug meniko, **98% ingkang ketularan COVID-19 saged mantun.**

Nanging, penyakit menika saged mbebayani kangge **para pinisepuh kalihan tiyang ingkang nandhang gerah taunan/kronis, kados sakit gendis (diabetes), sakit jantung, tekanan darah tinggi, kanker.**

Mangga kita jagi anggota kulawarga kita ingkang rentan, langkung sae **wonten dalem mawon, jagi kesehatan nipun, dipun pesthekaken ngunjuk obat rutin, jagi jarak kaliyan anggota kulawarga ingkang nembe gerah.**



# INGKANG KEDAH DIPUN TINDAKAKEN SAKSAMPUNIPUN KESAHAN

Menawi kesahan, panjenengan saged mbekta virus wonten ndalem.  
Sakdumugi ing ndalem kedah nindakaken:



Copot alas sak derengipun  
mlebet ndalem



Tas, dompet, kunci, hp, lan piranti  
ingkang asring dipun cepeng asta,  
dipun selehaken rumiyin.  
Lajeng dipun lap mawi disinfektan  
sakderengipun dipun agem malih.



Pengageman masker  
enggal-enggal dipun girah,  
menawi ngagem masker sekali  
pakai, bucal wonten tempat  
sampah ingkang ketutup



Enggal-enggal wijik  
asta lan siram



# 11perangan 40detik WIJIK ASTA



**Asta dipun telesi  
ngagem toya mili**



**Ngagem sabun**



**Gosok dlamakan asta**



**Gosok gegeripun  
asta ngagem dlamakan  
asta setunggalipun**



**Gosok dlamakan  
asta lan sela-sela driji**



**Driji sisih lebet  
kanthi cara asta  
kekalih sami ngunci**

# 11 perangan 40 detik

## WIJIK ASTA



Jempol dipun gegem  
tapak asta setunggalipun  
kanthi cara muter  
anggenipun nggosok



Gosok pucuking  
driji lan kuku  
setunggalipun asta



Bilas ngagem  
toya mili



Asta dipun lap  
ngagem tisu



Tisu wau lajeng dipun  
agem nutup kran toya.  
Tisu lajeng dipun bucal  
wonten kranjang sampah

MBOTEN  
PLESIRAN  
LAN MUDIK

MBOTEN  
NAMPI TAMU



Punapa panjenengan asring  
midhangetaken ngengingi

## SOCIAL DISTANCING



Panularan COVID-19 kedadosan nalika  
tiyang sakit kontak kaliyan tiyang saras.  
Kagem ngawekani, masyarakat dipun suwun  
njagi jarak, utawi kasebat *social distancing*.  
WHO nyebataken istilah menika dados  
*physical distancing* (njagi jarak fisik)



NYAMPUT DAMEL,  
SINAU, UGA  
NGIBADAH  
WONTEN NDALEM

LARE-LARE BOTEN  
AMENG-AMENG  
WONTEN NJAWI  
GRIYA

MENAWI MEDAL  
GRIYA KEDAH  
NGAGEM MASKER

**Menawi panjenengan sakit, sampun sesambetan langsung  
kaliyan piyayi sepuh (sak inggilipun yuswa 60 taun),  
amargi sami langkung gampang ketularan sesakit  
tinimbang lare enem.**



## Desa/Kampung/Perumahan Kedah Nglajengaken Lockdown?

Kita sedaya kedah ningkataken kawaspadan kanthi cara ngawasi medal-mlebetipun tiyang dhateng dhusun/kampung /perumahan. Nanging, mboten perlu kanthi cara mblokir mergi mlebet (*lockdown*), menapa malih ngantos ndamel warga kempal wonten celak gapura desa/kampung/perumahan. Kegiatan menika malah saged ningkataken risiko panularan.



## Solusinipun, warga langkung sae:

- Sami **ngemutaken supados mboten kesahan.**
- **Mboten nampi tamu** rumiyin.
- Menawi kedah nampi tamu, **sampun kesupen ngagem masker lan njagi jarak.** Sampun kesupen wijk asta.
- Tiyang **sesadean/bakul lan ojek online keparengna mlebet kampung.**
- Menawi **wonten warga ingkang wangsul saking njawi daerah/manca negari, kedah dipun laporken dhateng lurah, dukuh, ketua RT lan ketua RW.** Piyantun menika dipun dhawuhi **isolasi dhiri wonten ndalem sak laminipun 14 dinten.**



# Bentenipun OTG, ODP, lan PDP



**Orang Tanpa Gejala  
(OTG)**

- Tiyang ingkang wonten kamungkinan ketularan COVID-19, amargi nate pepanggihan kaliyan pasien COVID-19, ananging tiyang menika mboten nedahaken tandha-tandha sakit.

- Sinaosa mboten nedahaken tandha-tandha sakit, OTG saged nularaken COVID-19 datheng tiyang sanes. Ingkang punika, sedaya tiyang kedah ngagem masker. Kita sedaya mboten mangertos malih sinten ingkang sakit lan ingkang saras.



**Orang Dalam Pemantauan  
(ODP)**

- Kagungan riwayat kontak kaliyan pasien COVID-19 utawi manggen wonten tlatah ingkang gadhah perkawis transmisi lokal.

- ODP asring ngalami:
  - benter  $>38^{\circ}\text{C}$
  - watuk, pilek, lan/utawi sakit tenggorokan
  - sayah kaliyan lemes



**Pasien Dalam Pengawasan  
(PDP)**

- Kagungan riwayat kontak kaliyan pasien COVID-19 utawi manggen wonten tlatah ingkang gadhah perkawis transmisi lokal.

- PDP asring ngalami:
  - benter  $>38^{\circ}\text{C}$
  - **seseg**
  - watuk, pilek, lan/utawi sakit tenggorokan
  - sayah kaliyan lemes

## Menawi panjenengan OTG, kedah **karantina dhiri**

WONTEN NDALEM  
MAWON, SAMPUN  
KESAHAN

MBOTEN NAMPI  
TAMU

JAGI JARAK MENAWI  
KEDAH KONTAK  
KALIYAN ANGGOTA  
KELUARGA

## Menawi panjenengan ODP lan PDP, kedah **isolasi dhiri**

NGASO WONTEN  
KAMAR KEMAWON,  
SAMPUN KONTAK  
KALIHAN  
TIYANG SANES

NGAGEM KULAH  
INGKANG KEPISAH  
UTAWI SAK BIBARIPUN  
SEDAYA SAMPUN  
NGAGEM KULAH

PIRANTI DHAHAR  
PIYAMBAK UTAWI  
KEPISAH

MENAWI  
KONDISI NIPUN  
LANGKUNG PARAH,  
ENGGAL HUBUNGI  
KADER/RELAWAN  
COVID-19 WONTEN  
DESANIPUN

Priksani video caranipun karantina lan isolasi dhiri ingkang sampun  
kacawisaken utawi saget akses wonten [bit.ly/3aNhSHr](https://bit.ly/3aNhSHr)



# BIYANTU LAN SAMPUN DIPUN TEBIHI

Menawi wonten tangga tepalih ingkang dados OTG, ODP, utawi PDP, sampun dipun tebihi. **Piyantun ingkang nembe isolasi dhiri menika, nembe ngupaya supados sanesipun mboten ketularan. Piyantun punika kedah dipun biyantu supados saged nyekapi kabetahan saben dinten nipun, amargi mboten angsal medal saking ndalem.**

Pambiyantu saget awujud menapa kemawon, kados ta mundhut priksa kabarpun ngagem Whatsapp, maringi bantuan sembako lan kebutuhan saben dinten lan sak panunggilipun.



# Kita Sengkuyung TENAGA KESEHATAN

Titi wanci punika, para tenaga kesehatan nembe kajibah dados piyandeling negari nanggulangi wontenipun pageblug COVID-19 menika. Para tenaga kesehatan menika sami ngetohken nyawa kagem nylametaken pasien COVID-19, dados pantes yen sinebat kusuma bangsa lan negari. Emanipun, sanajan dados banten, nanging boten sedaya kusuma bangsa katampi kanthi sae kaliyan tangga tepalihipun piyambak.

## SAMPUN NOLAK PARA TENAGA KESEHATAN.

**Kagungan tanggi tenaga kesehatan ingkang ngreksa pasien COVID-19 boten badhe njalari panjenengan ugi kenging COVID-19.** Piyambakipun sampun mumpuni babagan penyakit menika lan mboten badhe mbebayani tanggi tepalihipun kanthi sesambetan kaliyan warga. Warga ingkang boten sesambetan kaliyan tenaga kesehatan, mesthi boten kagungan risiko kenging COVID-19 saking tenaga kesehatan menika.

**Nolak pangruktining laya tenaga kesehatan ingkang ngreksa pasien COVID-19 menika klentu sanget.** Mangga dipun semak katrangan babagan pangrukti laya pasien COVID-19 ing kaca 18.



## Sampun kuwatos

menawi wonten jenazah PDP utawi pasien positif  
COVID-19 ingkang dipun sarekaken

### Pangrukti laya COVID-19 ngagem tata cara ingkang mirunggan


Pangrukti layan dipun leksanani kanthi mirunggan wonten griya sakit. **Jenazah dipun bungkus ngagem kantong jenazah ingkang rapet lan dipun lebetaken wonten peti ingkang rapet. Peti punika dipun semprot cairan disinfektan.** Saking griya sakit, jenazah langsung dipun beta wonten pesarean.

### Petugas ingkang kajibah angrukti laya COVID-19 sampun mumpuni

Petugas ingkang kajibah angrukti laya COVID-19 sampun mumpuni lan ngagem **alat pelindung diri**. Pangrukti laya kedah dipun leksanakaken kanthi cepet lan dipun watesi ingkang sami layat.

### VIRUS CORONA MBOTEN NYEBAR WONTEN SAK KIWA TENGENIPUN PASAREAN

Virus corona mboten saget mencemari siti utawi sumber ing sak kiwa tengening pesarean, amargi Virus Corona mboten saged dangu wonten ing sak njawining titah agesang.



## Layat ing swasana pageblug COVID-19

Kagem para pelayat kedah:


1. **Sehat**, menawi gerah mboten perlu tindak layat.
2. **Jagi jarak** kaliyan kulawarga ingkang katilar ugi kaliyan piyayi sanes ingkang sami layat.
3. **Sampun dangu-dangu sak cekapipun kemawon**. Enggal kondur sak sampunipun ngaturaken bela sungkawa.
4. **Ngagem masker ugi ngasto *hand sanitizer* piyambak**.
5. **Toya ugi sabun kagem wijik asta para takziah** utawi *hand sanitizer* kedah dipun cawisken ing papan dukkita.
6. **Enggal siram ugi gantos ageman** menawi sampun kondur wonten ndalem.
7. Menawi saget, **pangrukti laya dipun giaraken langsung** mawi Instagram TV menapa Facebook Live saengga para kadang saged mirsani upacara saking dalemipun piyambak-piyambak.



## **Berantas Virus Corona Ngagem Disinfektan! Kados Pundi Caranipun Ngagem Disinfektan Inggang Leres?**


**Produk disinfektan inggang wonten ing pasaran kedah ngandhut salah setunggalipun bahan aktif inggang wonten ngandhap menika (priksani bahan aktif wonten ing label produk):**

- Accelerated hydrogen peroxide (0.5%)
- Benzalkonium chloride / quaternary ammonium  
/alkyl dimethyl benzyl ammonium chloride) (0.05%)
- Chloroxyleneol (0.12%)
- Ethyl alcohol atau ethanol (62-71%)
- Iodine in iodophor (50 ppm)
- Isopropanol atau 2-propanol (50%)
- Pine oil (0.23%)
- Povidone-iodine (1% iodine)
- Sodium hypochlorite (0.05 – 0.5%)
- Sodium chlorite (0.23%)
- Sodium dichloroisocyanurate (0.1-0.5%)



**Dipun periksa label lan dipunagem miturut pitedah.  
Ngatos-atos kaliyan potensi bahaya saking saben produk.**





**Ingkang perlu dipun disinfektasi meniko permukaan  
piranti ingkang asring dipun cepeng:**

- piranti elektronik
- layar sentuh
- remote TV
- kulah
- wastafel
- papan ketik komputer/laptop
- meja
- sandaran kursi
- gagang lawang
- saklar lampu
- telepon



## TATA CARANIPUN DISINFEKSI INGGANG LERES:

1. Pilih larutan disinfeksi kanthi mriksani bahan aktif kaliyan pitendah tata cara ngginakaken inggang kaserat wonten label produk.
2. Menawi ngagem klorin, **campur 4 sendok teh klorin kagem 1 liter toya.** Mboten pareng nyampur klorin mawi cairan pembersih sanesipun.
3. **Ngagem sarung tangan sekali pakai.** Menawi ngagem sarung tangan inggang saget dipun agem malih, sampun dipun agem kangge ngasahi piring utawi pedamelan sak sanesipun disinfeksi.
4. **Ventilasi kedah sae menawi nembe disinfeksi** (lawang kalihan jendela dipun bikak).
5. Menawi piranti inggang badhe dipun disinfeksi kotor, **dipun resiki rumiyin ngagem sabun/deterjen lan toya.**
6. Mligi kagem piranti elektronik, **kedah nderek pitedah disinfeksi produk menika.** Menawi mboten wonten pitedah saking produk menika, langkung sae ngagem tissue basah inggang wonten alkoholipun utawi semprotan inggang wonten alkohol 70% kangge ngelap layar, lajeng piranti elektronik kedah dipun garingaken, sak derengipun dipun agem.



Ingkang nggambar: Ariesta W.A.

# AYO, ngagem masker kain!




Wekdal menika, kita mboten mangertos malih sinten inggang sakit sinten inggang sehat. Inggang sampun kenging infeksi saget mboten nedahaken tanda, malah-malah mboten mangertos babar pindhah menawi sampun kenging infeksi.

**Tumindak inggang paling sae inggih menika njagi tiyang sanes saking resiko kenging infeksi kanti ngagem masker saben medal saking ndalem.**

Masker kain saged dipun damel piyambak, saking kain perca utawi saged ugi mawi kaos bekas (ananging inggang resiko nggih). Menawi panjenengan remen njahit saged dipun jahit, ananging menawi mboten, inggang dipun betahaken kain/kaos bekas lan karet elastis.




## Cara paling gampang ndamel masker kain



Masker sampun saged dipun agem



## Jahit piyambak ugi saged




Potong kalih lembar kain ukuran 25cmX15cm. Pilih kain saha katun inggang rapet kados kain kaos. Tumpuk kekalihipun dados setengahgal.




Tekuk sisih nginggil lan ngandhap setengah cm



Tekuk sisih kiwa lan tengen setengah cm.  
Jahit sisih pinggiripun saengga tali saged mlebet bolonganipun



Lebetaken tali elastis 15 cm ing bolongan kasebat. Bundeli pucukipun tali elastis.



Pasaken masker kaliyan pasuryan panjenengan. Caranipun, pasang ing pasuryan panjenengan lajeng tarik tali telinga saengga masker saged pas kaliyan bentuk pasuryan. Jahit pojokan masker ingkang sampun pas kaliyan pasuryanipun.

## Cara ngagem masker inggang leres



**Nalika ngagem masker, bagean irung ngantos janggut kedah ketutup.**

**SAMPUN NDUMUK MASKER sak laminipun ngagem masker!**

Menawi kepeksa kedah nyepeng masker, wijik asta ngagem sabun utawi *hand sanitizer*.



**Nalikanipun ngluwari/nyopot masker, dipun cepeng talinipun, sampun bagean ngajeng masker**

Jagi sampun ngantos nyepeng bagean ngajeng masker supados mboten kenging kuman.

Menawi ngagem masker sekali pakai, bucal wonten tempat sampah inggang wonten tutupipun.

Menawi ngagem masker kain, enggal dipun girah ngagem toya anget lan detergen.

Sampun kesupen wijik asta sak sampunipun nyopot masker.



# Cathetan

## Ingkang Enggal

### wonten buku menika (Ver.1)

Buku versi sakderengipun (Ver.0), sakjatosipun versi ingkang dereng badhe dipun biwarakaken, ananging sampun kelajeng kasebar. Ing versi menika (Ver.1), wonten babagan ingkang dipun tambahi kaliyan dipun gantos:

1. Katrangan babagan OTG dipun gantos.
2. Tambahan babagan pangrukti laya jenazah.
3. Tambahan babagan tata caranipun layat.
4. Tambahan babagan pasien lan petugas.  
supados mboten perlu dipun tebihi.



## REFERENSI



## KARIPTA DENING



Center for Tropical Medicine  
Universitas Gadjah Mada